

Maryland Bezwen Pwòp Lwa Sou Dwa Pa l Pou Vote

LWV LEAGUE OF WOMEN VOTERS'
OF MARYLAND

**Common
Cause**
Maryland
Holding Power Accountable

ACLU
Maryland

CLC
ADVANCING
DEMOCRACY
THROUGH LAW

LDF Legal
Defense
Fund

KONTÈKS

Dezòmè Maryland se eta ki pi divèsifye nan Kot Lès la, epi youn nan de eta kote Nwa, Endyen, ak Moun Po Fonse (BIPOC) vin yon majorite depi Resansman 2020 an.

Leta Lib la fè gwo pwogrè nan konstwi yon demokrasi ki ouvè ak aksesib nan dènye ane sa yo epi gen opòtinite vin yon lidè nasyonal nan dwa pou vote.

Poutan, inegalite ki enpòtan nan sa ki gen pou wè ak enskripsyon sou lis elektoral ak patisipasyon nan eleksyon kontinye pèsiste sou baz rasyal. Li lè pou nou mete an plas pwoteksyon solid pou garanti elektè Nwa, Latino, Azyatik ak abitan Maryland ki andikape yo patisipe ak tout libète nan lavi politik san sibi diskriminasyon.

KISA PWOBLÈM NAN YE?

Istwa diskriminasyon elektoral nan Maryland gen ladan tès alfabetizasyon, egzijans pou gen pwopriyete, ak tou lwa aktyèl yo ki lye yon fason enjis dwa pou vote ak sistèm jiridik kriminel diskriminatwa nou an.

Aktyèlman, pa gen okenn lwa eta ki anpeche diskriminasyon rasyal nan redekoupaj lokal yo. Anpil jiridiksyon Maryland toujou itilize eleksyon jeneral, sa ki ka pèmèt majorite blan jwenn pifò oswa totalite pòs yo menm lè gen yon majorite popilasyon BIPOC.

Lòt jiridiksyon te fè fas ak pouwit federal, enkli konte Baltimore kote yon tribinal federal te anile plan yo pou redekoupaj 2021 yo a paske li te fè diskriminasyon rasyal. BIPOC Maryland yo pa ase reprezante nan administrasyon leta yo nan tout eta, enkli kominote kote popilasyon yo divèsifye men administrasyon yo totalman blan.

Asanble Jeneral Maryland nan te adopte kèk nan lwa sou vòt ki pi pwogresif nan nasyon an. Malerezman, anpil vyolasyon dwa pou vote ak estrikti diskriminatwa ap pèsiste pami kèk antite gouvènman lokal senpman paske zouti jiridik ak resous pou envestige ak koriye yo pa te disponib oswa te koute twòp.

Sa ap rive an pati akòz desizyon jiridik ki pran nan 30 dènye ane yo afebli pwoteksyon lalwa federal *Dwa pou Vote* a te prevwa, an patikilye ak yon Kou Siprèm ki vin pi konsèvatè de jou an jou.

KISA SOLISYON AN YE?

Maryland dwe adopte pwòp Lwa pa l sou Dwa pou Vote (MDVRA) ak enspirasyon sou modèl ki adopte tou dènyeman nan Virginia, New York, Connecticut, ak lòt eta. Yon MDVRA pral pwoteje elektè BIPOC yo kèlkeswa direksyon Kou Siprèm nan bay lwa federal la.



Photo Credit: Tom Barrett

Gras ak yon Lwa sou Dwa pou Vote nan eta, Maryland kapab pouswiv mach li pou l vin yon lidè nasyonal nan pwomosyon aksè egal nan patisipasyon politik ak akselere patisipasyon Elektè BIPOC yo te istorikman refize yon aksè egal nan opòtinite pou patisipe nan pwosesis politik la.

KISA YON LWA SOU DWA POU VOTE NAN MARYLAND T AP GEN LADAN?

1. Entèdi Refi ak Disimilasyon Vòt –

MDVRA a bay yon kad ki pèmèt elimine disimilasyon vòt ak obstak ki limite posibilite pou elektè a vote yon fason ki efikas e ki rantab pou elektè ak otorite lokal Maryland yo.

2. Asire Aksè nan Lang –

MDVRA a egzije otorite lokal yo garanti moun ki pa pale Anglè yo pa rete dèyè nan pwosesis vòt la. Seksyon sa egzije kote nan yon lokalite popilasyon an konpoze de 2 pousan oswa plis nan yon minorite pou yon lang, otorite lokal la oswa konsèy elektoral la dwe bay materyèl pou vote nan lang sa.

3. Sispann Entimidasyon Elektè –

MDVRA a bay abitan Maryland yo dwa pou rele lajistis pou konteste intimidasyon, twonpri oswa obstriksyon. Ranfòsman dwa sa pi enpòtan toujou, pa rapò ak efò tou dènyeman yo pou ogmante laperèz, gaye move enfòmasyon ak bloke aksè ak bwat bilten vòt yo.

4. Otorize Apwobasyon Alavans –

MDVRA a pote pou Maryland kad ki pi efikas la nan sa ki gen pou wè ak dwa sivil, nan bay apwobasyon alavans pou chanjman elektoral ki ap met yon bout ak diskriminasyon anvan yo rive e ki ap sèvi tankou resous pou ede jiridiksyon Maryland yo evite litij ki pral potansyèlman koute anpil.

5. Rann Posib Aplikasyon Prive –

MDVRA a asire elektè yo, òganizasyon defans yo ak avoka ki angaje pou defann dwa pou vote yo gen ase avantaj pou fè sa nan mete disponib frè pou avoka yo ak ranbouse frè litij yo lè pleyan yo rive defann dwa yo.

aclu-md.org/mdga24